## ЖЫЛЛАРЫМ

Өткен өмир өкиништи асырар,
Өкинишлер силтер саррас жолларды.
Қанатында әрманларды тасыған,
Ой жеткериң, о арзыўлы жылларым!
Жаслығымда зәрре қыйсық басмаған,
Әдемлерге иштен боғлап жылайын
Талмағаллар артық барар шашымнан,
Секундына қайтып ғылап қылмайын,
Хәм аңсарман оннан текте шадлы үн,
Қуўаныштан көзде жастың тасқанын.
Анам аңсар еле атсыз ақлығын,
Инкар мениң тасқын йошқа жас жаным.
Сол илҳамнан ығбалымды көрермен,—
Жазыла жақ жазылмаған жырларым,
Жырым өлсе мен де бирге өлермен,
Жаңға жайлы жыр жеткериң, жылларым!

*1963-жыл.*

## КОММУНИСТЛЕР

1.

Кисен сыңғырлысы, узақ сүргинлер...
Қарлы соқпақтағы қанның излери,
Достым, есиңде ме сениң бул күнде,
Данклы өтмишлердиң геркулеслери?
Болып нәўбәҳәрдиң гүлдирмамасы,
Олар жер, аспанды титиреткен еди.
Жырлап дар астында жеңис намасын,
Өмир ноқатларын үтир еткен еди.
Мың жыл мыңқ етпеген таждың, тахлардың,
Олар шылпаршалап шынжыр дизбегин,
Еле туўылмаған азаматлардың,
Бүгин ҳәм ертеңги бахытын изледи.
Олар Прометейдей урлық қылмастан,
Уллы саўаш пенен жағып отларды:
Жерди узақ ўақыт еткен зимистан,
Сол, „Тәңирдиң" өзин қатал судлады.
Көби мәртше қалды қан майданларда.

Лийкин, байрамларда бирге жүреди.
Себеп, биз жасаған гөззал таңларда,
Жанар шоқ жулдыздай парлап жүреги.
Көрсем мен оларды қоладан, таста,
Сести қулағыма тал-тал келеди.
Олар сондағыдай нық қәдем таслап,
Талай дәўирлерден, атлар еле де!
Бәлким Шолпан кушса ертен корабль,
Он жетинши Жылдың онда ҳақы бар.
Өткен қыранларды, сен де дана бил,
Кутлы қәдеминде салтанаты бар.

2.

Көп жыллық еменди көргениң бар ма,
Топтан силкингенде ғырра әтирап,
Жалын шарпып өткен нарт шақалардан,
Гүўлеп төгилгенде биймезгил жапырақ!!
Әзиз геўдесине қалқан болған ул,
Ядтан шығарма екен ана өмиринде?..
Мениң көз алдымда қырық бесинши жыл —
Дүнья толған жыллар солдат кәбиринен.
Қанша әрман сөнди, қанша ҳақ тилек,
Маған исенбесен тарийхқа санат!
Олар гүл қойнында қалып кетти, тек
Алған аты болып „...биймәлим солдат!".
Олар мәлим еди өз еллеринде.
Көби партбилетсиз коммунист еди.
Мәрттиң жаўдан қорған өлген жеринде,
Өзим шақақ атсам бирге күледи...

3.

Қыйын бес жыллықлар, уйқысыз ақшам. .
„Интруд“ артельлери көп соқты балдақ.
Жарақ складқа тақланып қашшан,
Алды гилмағасын коммунист солдат.
Кеше жолдас қаны қарылған тастан,
Олар бетон қуйды, ирге қалады.
Белди тайғанатып скелет, каска,
Аўыр сынақларды ядқа салады.
Көмик шинеллерден көрип хатларды,
Олар жыламады, жырламады да;
Лийкин еске алды азаматларды,
Еле күткенлерди жыл санап мудам.
Солай қайғы аралас қурып кваргал,
Сынған көсемлерди[1] қайта тикледи.
Қайта өрре турды төңкерилген тал,
Бояп коммунистиң қара түклерин.
Бүгин ақлық қушқан бир кексе көрсем,
Келер қиялыма шоқ жаслықлары.
Сөзин тыңлап көрсең,
Сен ертек дерсең,
Оған ертек емес,—қыйын жыллары!..

4.

Парижде, гир таслар палатасында,
Мүжилмей, тотықпай узақ ўақытлар

---

[1] Сынған көсемлер—„көсемлердиң сынған тас манументлери“ деген мәнице қолланылды (*авт*).

Сеньор калпағындай шөлмек астында,—
Сақланған таслардың эталлоны бар.
Соның көширмеси жайлап жәҳәнды,
Қонып тәрезиниң бир пәллесине,
Кести салмағына гүллән баҳанды
Аўыл, қала, өзбек мәҳәллесинде.
Түкли шабдал, пахта, шубар алманы
Ҳинжи, алтынды да тартты өзине.
Оған жүгинбестен салмақ қалмады,
Солай даңқ шығарды дүнья жүзине!
Доктор, курортларда „бағылар" ўақта,
Бизди арық малдай соған тартады!
Ол ғой салмақ өлшер!
Арды, биракта
Өлшейтуғын әжеп „таслар" бар тағы!
Зилден зил салмағын азаматлықтын,
Дәлден дәл куралдан өлшеп берер дәл.
Кеўлиң күсей алмас оннан артықты,
Мүшкил, „ермен" деўиң кем шықсаң
сәл-пәл.
Бурят алмазынан, Урал кәнинен,
Мартенлерде балқып куйылмас ол „тас"...
Нағыз адам болсаң—теп-тең сен менен,
Нағыз адам болсаң—сонда басалмас.
Парыз, мәртликлердиң, гүллән истиң де,
Ҳуждан ҳадаллықтың, тағы басқаның,
Эталлоны болған коммунистиң де,
Эталлоны бизде турар сақланып.
Әсир узақ елеп ҳадал улларын,
Излегенде ҳасыл адам нусқасын,

Заманласы етип мәңги жыллардын,
Оны Мавзолейге қойды қысқасы...
Дәуир қыйын жолдан жыллар көшире,
Бирден мың коммунист туўа баслады.
Аўмай түп нусқадан сан мың көширме,
Гәси аймалады Айдың „қаснағын".
Бири Назым болып салып айқырық,
Зиндан тутқынларын тикке қояды.
Гәси, Гаванада сүрген қайқылық
Доллар қулларының изин жояды.
Гәси кирпик қақпай алты атарға,
Әдалатлық ушын кешер жанынан,
Дизер Патристей тағы қатарға—
Нешше коммунисти, тамшы қанынан!
Олар өлип солай салтанат пенен,
Жаңа коммунистиң жолын белгилер.
(Базда коммунистке мәңги даңқ пенен
Өлмес өмирлерди өлим белгилер!...)
Жәллад бесигинде көрсем егер мен,
Еле кир жуқпаған пәк нәрестени,
Елли жылдан кейин „коммунист" дермен,
Оған өзге жол да қалмас, өйткени
Усы жалғыз гузар болып орталық
Ақшыл, сары сынлы, қара денеге,
Тек те коммунистлер болып бар халық,
Жаңа, бир әжайып дәуир келеди:
Ҳәм де геллемиздей жуп-жумалақ Жер,
Балта бөлген бастай еки жарылмас.
Ҳағлап бир арнада барлық мақсетлер,
Тутас тулға болар гүллән баўырлас.

Әзийз бес материк муштай жумылып,
Онда ҳүким сүрер Ильич ҳүжданы.
Усы бес саўсақлы мықлы жудырық,
Ертең диз бүктирер галактиканы.
Буны мен көрмесем көрер басқалар
Лийкин, сағынарман жүз жылды болжап.
Шайыр ҳақ сөйлесе қутлы из қалар,
Оған керек емес артық даңк, олжа.
Дүнья—өмир шайған гранит жағыс,
Уллы әрман жүклеп келген биз—қайық.
Бунда егленгенде айтарым жалғыз:
„Жасаң коммунистше, гүллән халайық!“

*1964-жыл. 6-апрель.*

## БИЗГЕ УРЫС ЕМЕС,
## ТЫНЫШЛЫҚ КЕРЕК.

Табель шала қалды... Талтақ таяқ та
Илинди нарт таллы геллек ағашқа.
Елге жаў шапқанда пурсат қаяқта!—
Жигит шалт атланды кекли саўашқа.
„Ҳақ жол, жалғызымм!...“деп, баўры
елжиреп,
Ана кирпигине тамшы анталар.
Изде айра түскен жаўлық желбиреп,
Жигит көз ушында барар бийқарар.
Өзи жорға сүрген айдын гүзардан,
Бәлким, соңғы изи өшип қалар ма!
Әке жаннан кешип берген озалдан,
Бахтын жаўыз қоллар жулып алар ма!
—Жоқ, жоқ!—дейди жигит тислерин
қайрап,—
Бахтым—мәңги Қуяш, парлап турады.
Анам ғамгүн қалды-аў!...
Еле масайрап,

Жеңис тойларында жәўлан урады,..
Деген кыялларға бәнт болып ойлары,
Жигит айра түсти өскен мәкәннан.
Өтти айлар, жыллар...
Жеңис тойлары,
Сағыныш болып кирип, жай алды жаннан.
Ўакыт қанатларын қанларға малып,
Курбан алып ушты аўыр саатлар.
Ыңтық жүреклерге өшпес дақ салып,
Жоқлаў алып келди қара қағазлар.
Ана айралықтың қәўпинен солып,
Ярым ақшамларда жағар шырасын.
Зарлы кыяллары жәҳәнды шолып,
Алыс мәнзиллерден излер баласын.
Зәрре хат кешиксе кеўли хабарып,
Кеткен жолларына көзи телмирер.
Почта тез жеткерсе мәрттиң хабарын,
Оның хаты емес, өзи келди дер.
Я ғам, я шадлықта солай таң атар.
Минут жақынлатар жеңис саатын.
Өтти оннан бәри төрт кыс, төрт бәҳәр,
Әттең, жойытты-аў ана өмир, тақатын!
Көнтен көз талдырған 9-май,
Келди хош хабәрлы—сезбеди ана!
Әжел, сабырсызсаң соншама пай-пай,
Неге егленбедиң сегиз күн ғана!
Толқып қызыл байрақ ҳәр бир жайларда,
„Жеңис мүбәрек, дос!“ болды сөз басы.
Жасыл отлақларға, жыра, сайларға,
Самал алып қашты жеңис намасын.

Мәрг те сылтып басып қайтты аяғын,
Орден сыңғырласып өр көкирегинде.
—Анам бозлар!—дейди.—Талтақ таяғым,
Бәлким, турған шығар қойған жеримде.

Анаў шетки ҳәўли мен туўылған үй,
Көпшип сыбаўлары түскен бе, калай!...
Анам, жалғызыңды, кел қушақла, сүй,
Залым айралықтан сарсылдың талай!...

Сол гез табельшигин танып алыстан,
Билип жаўды жеңип, аман жеткенин,
Қызлар назлы бағып айдын атыздан,
Атлықты жеңгейлер таслап кетпенин:

—Сәлем, ағайинлер!
—Хош келдиң, батыр,
—Ашшы қушағынды, бир-бир сүйейик!...
—Ғәрийип анам қайда егленип атыр!
—Анаң...
—Қойса бийкеш, үйге жүрейик.
Лийкин, жаслайынан өзи сүйген қыз,
Сүртти көзден аққан жастың сызығын.
Ынтық жүрегине басылды да муз,
Жигит енди аңлады истиң бузығын!...

Жыллар, гөззалығын сый етип тағы,
Тынышлық бүртиги берди нәўшесин.
Питти оқ тескен жер оң аяқтағы,
Ҳәсиретти солдырды өмир нешеси.

Қалғып гөне мазар гүллерди қушып,
Ана әрманынан береди дәрек.
Перзент ышқы, ана ығбалы ушын,
Бизге урыс емес, тынышлық керек!

## СЕКРЕТАРЬ ЖОЛ ТАРТЫП БАРАР...

Өзин жерге жалғаған Ай нур қуйып
Жулдызлардан зер кирпиклер қадалар.
Сүтке тойған тоқлы қашшан монтыйып,
Тарақ кекил қораз қалғыр қадада.
Аўыл оты лып-лып сөнер алыста,
Сыпсыңласпас қайтқан тырна қанаты.
Ызлап тынған үрпек баслы қамыслар,
Тек қос шыра түнди тесип баратыр.
Жылан киби жалап гүздиң аязы,
Сағындырар ошақ басы ҳәзликти.
Секретарь кепкен ерини қаязып,
Қалғып барар көпке таныс ГАЗ икте.
Ҳарыған шофер талған көзин уўқалап,
Әрман етер бир тәшиўишсиз ақшамын.
Секретарьды сергитип ҳәр шуқанақ,
Еске салар сәл пәйникке қашқанын.
Таў, далалар сыйған жалғыз басына,
Оны тағы алысларға шақырар...

Көп сапарлас болдым бирге қасында,
„Ҳәр адымда көрдим,“ деўге ҳақым бар.
Түски чайлар есте, атыз шертекте
Шерткен сазын, қаққан дәбин кәйтерсең!
Қартқа барып, кәсте жатқан төсекте,
Мәдәт берип, айтқан гәпин қәйтерсең!
Бахыт тилеп жас күйеўге, зайыпқа,
Көрдим тойда тост көтерип, тасқанын.
Жан қыйылса жабыққаны айып па!—
Ийнин қанша тахта табыт баспады?!
Ҳәзир кашшан тентек бөбек пысылдап,
Талай қор-қор темир печьти зыңлатар.
Ал, о'л жайлаў, я пахтазар тусында,
Орпаң кешип машинада ырғалар.
Гүрси шайқап ширенгенлер бул ўақта
Секретарьды түсте көрип ҳаўлығар.
Ол қалғыса түске енип буршақ, қар
Шоршып көзи бултсыз көкке жаўдырар.
Ҳәм кос „жулдыз“ алға жүзер асыға,
Бир капталда жүкли кәрўан баратыр!
Коммунистиң тозаң турған касына
Инкар болып еле қанша талап тур?!
Ас та музлар. Жеңгей жекке төсекте..
Шөже қораз таң хабарлап қыйғырар,
Қырман, пункт, я бюродан гезекли
Секретарь сәл соң келип буйығар.

**ПЕРРОНДАҒЫ СӨЗ.**

Поезд сапар тартар. Әдетиңше сен
Мисли екпин менен үйирилген пәрдей,
Қалмай қапталласып таныс купеден,
Кейин зеңирейерсең перронда зәрре...
Тағы таныс бульвар... Сансыз қыяллар...
Тағы таныс елес дала перзенти...
Мени шөлге тартар гез келген жоллар,
Ақыры шөлде туўдым, шөлде ер жеттим.
Бизди мәнзиллер де ажыратпас бирақ,
Сағыныш арткан сайын ышқы нығаяр.
Бәҳәр қуў келгей деп аспанға қара,
Гүзде қуў кеткей деп әрман ет, дилбар.
Себеп, гүзли-бәҳәр заочник келер,
Лийкин, жыл қусына теңеме, жаным.
Тырна тәбияттан жыллылық излер,
Ал мен, жүрегиңнен излермен жалын!

*1965-ж. Москва.*

## САAT

Егер өмир кәдирин билмесең,
Сонғы демде жатқан адамға
Жасқанбастан зәрре үңил сен,
Көзлерине қара қадала.
Биз көрдик ғой...
Телмеңлеп көзлер
„Өмир“ қунын айтты-аў асығып,
Ҳәр дийдардан бир сүйеў излеп,
Үмит пенен сөнди ашылып.
Әттең жүрек қайтып соқпады,
Соғып турды саат қолында,
Зарлы нама—анам жоқлаўы,
Бул не өзи, түс пе, оңым ба!...
Әкем кийген қара шөгирме
Селкилдейди табыт астында.
Өкир мейлиң, қанша өкирсең,—
Өлген адам өлген ҳаслында.
Жасы үлкенлер берип тәселле.

Тилеп маған мәртлик, такатты,
„Қалған өмири болғай,—деп—сенде!"
Билегиме такты саатын...
Дәрт гөнерди. Гөрди қар басты,
Гүллер солды... Гүллер ашылды.
Мен жылларға жасты алмастым,
Ол елеслер өлген жасында!
Ал, сааты жүрер тынбастан,
Ол сүрмеген өлшеп дәўранды.
Мен өмирге налыс қылмаспан,
Саат пенен қуўдым әрманды.
Ол күтпеген ярға асыксам,
Саат тили жолда қарарым.
Ол шықпаған сапарға шықсам,
Усы саат қыстап барады.
Асығыспан...
Достым, ирикпе сен,
Өлгенниң де менде ўақты бар.
Ҳәм өзлери үлгермей кеткен,
Заманлары, әрман, бахты бар!

## ДУМАНЛЫ ТҮНДЕ ДАЛАДА

Көзге түртсе көргисиз түн—думанлы,
Қара аспан да жалмап жутқан жулдызын.
Бул сапыранда жол табыўың гүманлы,
Акшам түўе тал түсинде күндиздиң.
Қол созымнан қарпып өтер горизонт,
Шексиз аспан отаўдан да тарайған.
Алып қашпас кийик көзи көгис от,
Қылаң етпес жанлы мақлуқ қарайған.
Көк сыйырдай жалап дымқыл бүўалдыр,
Кийимиңди малпақлатып өтеди.
Шүңгил суўдың асты да бир, бул ҳәм бир,
Аңламассаң бурыў менен төтени.
Тас қараңғы!..
Ҳәтте ушқын сағынтты-аў!
Бир жалт берип жүзсе қәне ақ куў—Ай!
Соклығарсаң еңтерилип турса таў,
Қулдырарсаң лар болса да байқамай!
Көздиң де жоқ паныс шелли пайдасы,
Серлемейди ҳәтте астын аяқтың.

Ай, жулдызлы зәўлим аспан, қайдасыз,
Ынтықтырған мәнзиллерим қаякта?!
Гүз ақшамы бул нәлетий далаға,
Қырық өримли қамшы болып сабалап,
Лира ышқы айдап шыққан баламан.
Бул түнектен қалай соқпақ табаман!
Түйдек-түйдек қанша „булытты“ ысырдым,
Талдым, дүзде қалдым, деген жеримде,
Қырлы пирамидасындай Мысырдың,
Булдыр-булдыр нур қуйыны көринди!
Бойларыма сырлы жедел жуўырып,
Көзлеримде үмит оты ушқынлап,
Семсер киби түнек „қыннан“ суўырылып,
Нурға қарап гүбелектей уштым тап!..
От бар, демек от лаўлатқан досым бар,
От қәдирин аңлатқан түн!
Ырзаман!
Қосық айтып, қосық тыңлап қосында,
Ыразыман от жаға алсам бир заман!...

*1964-жыл, Үстирт.*

## САҒЫНЫШ

Узақ жолдан келиўден үйге.
Аймалады-аў, о анам пахыр!—
Сүйип атыр... Сени де сүймек
Керек еди маған да ахыры!
Үйи де дым аўылдан шалғай,
Зыр жуўырдым жармышты бойлап.
„Ығбалыма үйинде болғай!"
Деп бараман тек сени ойлап.
Оттай деўши еди журт мақтап,
Мүсәпирим шықты да қалды.
Есигиңди алыстан бақлап,
Узақ турдым паналап талды.
Не деп үйге киремен қәне!
... Көшкен булыттай шубырды ойлар:
„Бир сарқум суў" бул да бир бәне,
Тағы қандай қолайлы ой бар!
... Дийдарыңа ынтығып келип,
Қара суўға кеттим-аў қанып!
Шәңгил менен суў әкеп берип,
Қаны кепкен деп пе едиң анық!

*1961-жыл.*

Лийкин, өлмедим мен, жасадым тағы!
Өлим пәнжесинен мени айырған—
Бийтаныс бир достың батыл қушағы
Ең соңғы демимде тартқан кайырға...
Есте, қоңсы қыздың сыңсып узақта,
Көз жас төккенлери баўры езиле.
Көкте жалғыз қырғый калқыған ўақта,
Аспан астан-кестен болды көзиме,
Пүткил денем мегзеп терден булаққа,
Хөлден ийилгени мамық майсалар.
Базда пошша сести келип кулакқа,
Есте „тирисең“ деп бергени хабар.
Сая узайғанда еңкейип куяш,
Естен танған есим „таныған“ анық...
Еле қыялымда толқынланған шаш,
Сол бир мийримли көз от шашар жанып.
...Кабақ теңкейискен бойлап карықты,
Гүзде мектеп бетке баратырғандай.
Ойшыл көзи бизге туңғыш ҳәрипти,
Еле тахта алдында нусқап турғандай.
Кейин үй көшкенде „Ақ терек“ жакқа,
Есте ат арбаға жүкти салғаны.
„Иним, көп оқы!“ деп хошласар ўақта,
Отлы көзлеринин күлип қалғаны...
Жыллар!
Өткен жыллар!—Жа сам бир қатар.
Сенде қанша жаңа жолдас қосылды!
Мақсет мәнзилине тартқалы сапар,
Жыллар!
Умыттырдың қанша досымды!

## ҚАЛАЙ УМЫТАРМАН ОТЛЫ КӨЗЛЕРДИ!

*Муғаллимимниң естелигине*

Әмиу толқынлары тайдай дүбирлеп,
Ләҳәр көк-жасылға көмди гиясын.
Жылға бойларынан қырғаўыл дүрлеп,
Қуслар тораңғылға басты уясын.
Колхоз қыслай тоңнан қаздырған арна,
Көкке көбик шашып, жулкынар ҳағлап.
„Сайда шабақтай жүз, тереңге барма!".
Деген байғус анам талай зинҳарлап.
Пай-пай жалықтырды-аў, жасқа да, саққа да,
Ыраш ығындағы тунба ма ермек!
Ана ўәсиятын яд етиў қайда?
Жүздим кайнаўытлы тереңге өрлеп.
Мисли ҳәзиргидей өжетпен сонда,—
Қырда өршестирген, „ешки бас" қыз ба!...
Әжел оқпанындай ийрим тартқанда
„Ўай-ўай!... Өлди ол!"—деп ақты-аў
жулдыздай.

## ҚЫЗКЕТКЕН

Түнлерде де хыялымды қытықлап,
Бойларыңа шақырасаң турасаң.
Сыңқ-сыңқ күлген ағысыңа тың-тыңлап,
Алған йоштан сөз маржанын қурасам,
Ҳәм жаңлатсам „Еркем-аў!" деп жағанда,
Жырым тербеп, сен де еркелеп мағанда,
Мың таўланып йошармысаң, Қызкеткен,
Сестиме сес қосармысаң, Қызкетен?!

Ғарқәллезий еткен барлық салманы,
Кең даланың артериясы өзинсең.
Үш пасылда ҳәўижлендиң, талмадың,
Жер қамығар өзиң зәрре көз илсең.
Күни-түни ескен желдей шабасаң.
Дийхан айтса партаўды да табасаң.
Ҳәр бүртиктиң анасысаң, Қызкеткен.
Жармышлардың ағасысаң, Қызкеткен.

Бәлким, собық терген жылға бойынан,
Изин жойтпағанды балалық гезлер.
Алып, ақыл айтқан әжел қойнынан,
Мәңги ядта қалды-аў жуп қара көзлер
Сонда сыңсыған қыз—сүйген дилбарым,
Дүзде қыялымда, үйде қасымда.
Сизлер гүўасызлар,
өткен жылларым,
Мәгәр, сол жигиттиң бастым жасын да.
Өзин жер үстинен таппадым бирак,
Алыс-алыслардан излеп жоқладым.
Талай бинә болды түлеген жапырақ,
Әттең, сағынған көз күлип бақпады!
Ол көз ғайры елде, бир жат аспанға,
„Ўатан, разы бол!“ деп телмирип сөнген!
Мениң өмирим ушын жасқанбай ҳасла
Арзыў-әрманларын жат жерге көмген!
Өмир оннан бери қанша өзгерди,
Жақты жәҳан көрди қаншелли әўлад.
Қалай умытарман, отлы көзлерди,
Мәңги нәлет, саған, о Гитлер жәллад!
Дүнья!
Ҳәсиретке көнбе ҳеш, көнбе,
„Көзге жас аласаң“ деренге төзбе!
Көзлер!
Ләззет ушын ашылың, сөнбең
Сизде көрмегеймен күлкиден өзге!

*1963-жыл*

Бирак та сен сүйем жерге керексең,
Қырантаўдай қырманларға дәрексең;
—Қатты кеттиң!—дей ғой енди ал есе,
Аңғарынды өзгергеди қәлесе.

*1962-жыл*

Ақшамлары суўларыңды симирип,
Алыс жағаларда насос гүрилдер.
Сырғадай ай жылўа менен үңилип,
Айдынында сансыз жулдыз дирилдер.
Зәўлим терек ғайры нағыс салады,
Көшкен булытта түрин көрип барады.
Аспанға да айнамысаң, Қызкеткен?!
Гөззаллықтың айғағысаң, Қызкеткен.

Түнек заман гәрдишине шыдамай,
Үмитиниң муңлы тары кесилип,
Әрман оты суў қуйылған шырадай,
Сенде өшип, қос бурымы есилип,
Кеткен арыў кимлер менен жаслы екен,
Қайда қалды дәртли лашы көсилип?
Бир жапакеш қайғы-зарлы баслы екен,
Қарар екен толқынына тесилип.
Ылай суўың төсин жуўып өтипти,
Гөр аўызындай ийримиң де өшигип,
Шашын жулқып бәдер алып кетипти.
Сонда буны еситкен жан „жызз" еткен,
Сол себепли атың муңлы—Қызкеткен.
Қайта ат қойсам көнермисең, Қызкеткен,
Муңлы қызды берермисең, Қызкеткен?
Ҳәзир жаның сондай бир қыз қолында.
Зәрреқ ушып дерсең оған:—шеберсең!
Балық ойнап, толқын өрмес жонында,
Алқымыңнан қысса уйық теберсең.

Алма бағларымда ашылған гүллер.
Гүллер маған таныс, саған бийтаныс.
Дүнья суўдан шыққан дилбарға мегзер,
Тырна көкти сызар, булытлар дым алыс.
Ҳәзир жаңбыр шайып, шырайланған жер,
Бәри маған таныс, саған, бийтаныс.
Жасыл жарпақлардан шықлар сырғанар,
„Духовойлы" улыў ийилтер қамыс...
Усы кең жәҳәнда қанша сырлар бар,
Көби маған таныс, кел, сен де таныс.

3.

Шынлық, қыяллардан бәлент ушады,
Жулдыз түнги шоқтай пәсте жумалар.
Қаншелли кең пүткил әлем кушағы,
Буны бизден өзге кимлер қушалар!
Инсан гүллән заттың атын табады,
„Шолпан" исмин сорар бизден бийикте.
Шөлде жылдырымдай мақлуқ ағады,
Оны биз айтпасақ кимлер „кийик" дер.
Өмир океанында өткен бабалар
Әрман атлықларын қанша байытқан!
Адам мақсет қуўар, ескек сабалар,
Кел де әрманына атлан қайықлы!

4.

—Тағы диң-диң ойнар ерке тайым бар!—
Қанша ышқы келди, қанша жыллылық!

## СЕН ТУЎЫЛҒАН АҚШАМЫ...

### 1.

Ғайры елдиң узақ тоғайларында,
Бәбек үнсиз өлди шықпай қурсақтан!...
Бунда саған деген ышқым лапылдап,
Кеўлим қустай ушар роддом жаққа.
Кирпик уйқы серпер, анаң кеткели
Ойлар қайнар суўлы каўсар булақтай.
Ана қурсағынан, перзентим сениң
Сестиң келген яңлы сезилер қулаққа.
Нешше ингалардың карт гүўасы—Жер,
Сен туўылар Күнге бурылар жай ғана.
Таңда тұңғуйыққа шапақ өрмелер,
Ҳәзир „қара көзли" мүлтир айналар...

### 2.

Сыймай кең ҳәўлиге көкирек ҳәўлирер.
Мени сыртқа баслар сырлы қуўаныш.

6.

Ҳәзир нарт шыбыктай жаспан еле мен.
Неге жүз елиў жыл кеш туўылмадым!
Сеннен отыз жылдай бурын өлемен,
Көрмей отыз жылдың отыз жуўмағын.
Алыс әсирлерди салдаў тартқандай,
Алтын қырғақларға тезирек жеткерип,
Ақтарарлық, кәне илаж бар қандай,
Мениң бир өзиме келер жеккелик.
Бир бас жалмаўыз бас, екеў мәрдана.
Әсир атлатыўға қанша ер керек!
Қәне, жолланайық, бирге пәрманам,
Қоллас аўыр жүкти, кел тез ертерек!

7.

Жаста көп теңселдим қыйсық жолларда,
Урлықтан басқаның бәрин кәр еттим...
Өттим ақмақлықтан дана боларда,
Сөйтип ақмақлықтан ақыл дөреттим.
Өжетлик те ерди мегзеп саяға,
Тынлатпады журттан бул да нәсият.
Қанша өмир кетти бозлап заяға,
Мулт жиберген ўақты айтыў да уят.
Сен туўылған ақшам, перзентим, зарым:
Ўақыт—ушқан сүйлин, жылдам атып қал.
Буйырмасын мениң қыңыр гүзарым,
Өзим сонлаў түскен саррас жолды ал!

Анаң өпкен лəблер исми қайымлар.
Атсыз „адам“ деўдиң өзи уллылық.
Өзим „адамман“ деп исенгенликтен,
Усы жалғыз сөзди жақсы көремен.
Буны мендей сүйсен сонда сенликпен,
Егер сүйдирмесем. жуўапкериң—мен!
Бөбек кристаллдай кирсиз туўылар,
Билмес мəккарлықты, ҳарамылықты.
Онда адамлықтың сап белгиси бар,
Əттең, соң шығарар иплас қылықты.
Дийдар көриспеген, атсыз перзентим,
Туўылмастан бурын жалғыз шəртим сол,—
Ул я қыз болсаң да мейлиң, ер жетип,
Жалғыз мениң емес, инсан төли бол!

5.

Журтлар туўған күнин етер мереке,
Ал, мен айымды да билип жарымадым,
Анам санай алмай пулын керекли,
Əкем „подписим“ деп, басқан бармағын.
Қашан шырлап түсип салы сабанға,
Киндигиме қашан қурым басылды.
Қашан сапар шектим дүнья таманға,
Ҳеш ким жаза алмаған, буны ҳаслында.
Соннан күйип кетип илим изледим,
Билдим мен олардың билмегенин де.
Енди, нəўбетшим, кел, сен де бизлердиң
Ақтар зейнимиздиң илмегенин де!

## ТУЎЫЛҒАН ЖЕР

Бузбасған себин жотасыз таўдай булдырап
тоғай алыста,
Төселе қашып ырғалған шалғын араны ашып
барады.
Тоғайдан арнап базарлап шыққан қоржын-
қоланлы таныс па?
Бул жолсыз дүзде сағымды кешип одағай-
ласқан қара ким?
Инженер мекен партаўды барлап үңилген көз-
дей айнадан?
Я әке бермей дилбары ерген қалыңсыз қаш-
қан ашық па?
Сүўретши мекен аш нәзер таслап жазыққа
жаны тоймаған?
Қусшы ма екен түлетип тарлан излеген қоян
даладан?
Айғырын жойтқан жылқыманба екен изле-
ген жоғын узақтан?

## 8.

Анам шашыў тойға май сөк таярлар,
Әкем шүйиншиге геўлер шыжланын.
Уйқылар көйлекпараз,бийғам ҳаяллар,
Саған ынтығады мениң бул жаным!
Нәрўан тереклерге сая сулатып,
Әне, дөңгеленди туңғыш Қуяшың.
Самал айналардан перде жулады,
Нурлар тез қушсын деп перзент уясын.
Терек жапырақлары тынбай пыр-пырлап,
Алма туңғыш гүлин көкке жаяды...
Анаң саған, ал мен толғатып жырға
Таңда ҳарып жүздим бәҳәр ҳәйямын.
Кеше шаншқан шүллик бүгин—дәстияр,
Нәрўан шақлары да жанланар ядта.
Ҳәтте бизден даңқлы, бизден бахтыяр,
„Сәлем!"—дегим келер жаңа зүрьядқа!

*5-апрель, 1966-жыл.*

## АҚ ҚАЙЫҢ

Евразия шегерасында,
Бәлент шынның уша басында,
Алпинистей тауға өрлеген,
Ақ қайыңды бар ма көрмеген!
Ақшамлары гөзлеп жулдызды,
Алтын нурды емип күндизи,
Сылдырласып турар жадырап,
Аясында гүллән әтирап.
Көкирек керип ол самалларға,
Пана болар майда талларға.
Әри сергек, әри арқайын,
Бирақ бәрҳә дауылға тайын.
Тас буршақты көп жалаған ол,
Адасқанға көрсетеди жол.
Аптапларда салқын саясын,
Евразияға бирдей жаяды.
Жигин жалғап қос материктиң,
Қәддин бүкпей қайқаяр тип-тик;

Я ылақ жойтып апасы урысқан айдарлы ерке
бала ма?
Шайыр ма екен жапанда жалғыз илҳамы
қысқан усы ўақта?
Дусластық мине!
Алдаўшы ойды қос тентеклерди қараң бул,
Селтеңсиз шетке ой сүрип шыққан роман-
тиктей байқалар.
Усласып қолын ылағып қашқан оңаша еки
тораңғыл,
Самаллар тербеп, жапырақлар сөйлеп, сыр-
ласып әсте шайқалар.
„Тоғайға қайтып барайық“ десе шақасын ыр-
ғап биреўи,
„Шалғынға қарай қашайық“ дейди биреўи
тартып билектен.
Ал тамыр болса пәнжесин жаза топырақты
беккем бүреди,
„Өлиңлер, —дейди,—туўылған жерде өми-
риңизди гүл еткен!“
Мен де сондай дүньяға шырлап ең тунғыш
шыққан ўақтымда,
Киндиктиң қаны үлкеге усы тамырдан бек-
кем байлаған.
Нәр алып буннан нартладым, өстим, көрме-
ген талай бахтым бар,
Бул кәра барда жасаўым ушын керек те емес
Ай маған!

**ЖАСЛАР ХОРЫ.**

Қан кешкен қәҳәрли, жалынлы жылларда,
Жан берген келешек әўладтың бахты ушын,
Мың алғыс, жаслардан, қаҳарман улларға,
Гүрескен аянбай халық ушын бар күшин.

Аталар мийрасы—женимпаз байрақлар,
Жеңистен жеңиске желбиреп келеди.
Апарып саҳраға нәўпир суў, нәўбәҳәр,
Тыңларға, шыңларға шаншылар еле де!

Аўылда, қалада биз бенен салтанат,
Биз—жаслар, жаңа ГЭС отларын жағамыз.
Биз бенен өмир шад, биз бенен халық абад,
Космосқа лашындай қанатлар қағамыз.

Жаңадан жаңаға атланыў—салтымыз.
Сүрен сол:—Кел жолдас,
алдыңғы сапта бол!

Ҳәм тас тесип найза тамырлар,
Тармақланып тереңге зырлап,
Бириктирип Евразияның,
Топырақларын қамтып жыяды:
Сол тамырлар бүкпесе егер,
Қос материк еки сөгилер,
Деп ойларсаң сыртынан қарап;
Нартлар қайың жән-жаққа тарап.

*1963-жыл, Москва.*

## ӘЗЕРБАЙЖАН ШАЙЫРЫ ХАЙРУЛЛА АБДУЛЛАЕВҚА

Әзийз достым, көрсең еди мен жайлаған
мәканды,
Бунда мөлдир моншақ қақшыр қара көзли
булақлар.
Бота көзли көллерим бар бирқазанлы,
қутанлы,
Қырларымда жуўсан жуўсап ерке кийик
ылақлар.
Тақырында шийрин геўрек күлген ләптей
ашылар,
Шөллеринде көкти сүзген вышка—байлық
қулыплары.
Шаңқылдасқан қаршығалар, оқлаў белли
тазылар,
Қыялыңды алып қашар қусшылардың
тулпары.
Жайлаўларын гезсең кеўлиң әбден көкке
шарықлар,

Ўатанға садықлық—әдиўли антымыз
Биз жаслар, талмас күш, Ленишил
комсомол!

Партия күнимиз, биз оған инимиз,
Баслайды айдын жол, арзыўлы сапарға.
Тынышлық, жолдаслық орталық тилимиз,
Кел жәҳән жаслары, қосылың қатарға!

*1960-жыл.*

Арғымақлар ылағысқан кийик янлы
тайрақлар
Айдаў асқан қаназатлар көкте түтер
тозаның,
Тентек қошқар зүрәәт тойын бас урыстырып
байрамлар.
Пай, сол тойда қашармедиң ылақ басып
тақымға,
Усы тойда палўанлардың палўанлары
дөрелер.
Елин айтып мақтанды деп гиналаўға ҳақың
бар,
Мен булманды гүллән елден гөззалырақ
көремен.

*1964-жыл, Москва.*

Бес түлик мал далаларын дүбирлетип барады.
Жарға шапшып әўпилдеген Аралымнан
балықлар,
Қырға қашып базарлайды жер-жәҳәнға
таралып.
Аскар таўлар бунда бәлент әрманларға
шақырар,
Булыт үстине төңкерилген тақыя янлы
шыңлары.
Перзентлери емип-емип ойнап кеткен
тақырға,
Ана Әмиў дәл өзиндей сақыйлыққа
шынлайды.
Шешенликке таплар сени мерекеде ысылған,
Паяпылда жуўап урған шоқ минезли
жеңгелер.
Суўаттағы дүңли қыздың әдеп пенен
қысынған,
Жылўалары қыйнар жанды сөз таптырмай
теңгерер.
Пахталыққа барғанында кәйўаналар
зақ-зақы,
„Жигит келди, пахта қыстыр!"—деп бийкешин
үгитлер.
Мийманхана көрсетпестен танымаған
заў-затын,
Үйлерине баслап кетер ғаўқылдасып
жигитлер...
Қыста бунда тойдан соң той, шабандозлар
қоғады.

Таллар суўлы „айдарын“
Силкип таслады.
Жасын тыйған жесирдей
Нөсер иркилди.
Батпақланды кесиртке,
Жерде нур күлди.
Шыққан қыздай моншадан,
Жағымлы жән-жақ!
Тақырларда сонщама
Бота көзли—қақ!...
Күн жылыса әтирап
Ләззетленеди.
Мен жыласам патырат!—
Апат келеди!

## ЖАҢБЫР

Жылдырымлар атласты,
Булыт—астан-кестен.
Көк пенен Жер қатынасты,
Сызық үзбестен.
Шалшықларға шаншылды,
Биздей тамшылар.
Собалақлап шашыңды,
Тамшы қамшылар;
Ҳәм сазақты шөллеген,
Шайды мәс етип.
Жазийралар көлбеген,
Жутты ҳәз етип...
Жедел питип самалға
Үрлеп „уртларды“,
Жүндей сабап, қамалап,
Қуўды булытларды.
Аспан тағы—жайдары
Жадырай баслады.

Кесадағы көк чайың суўып,
Бармақларың дәстүрхан жыйнар.
Соң китапты қолтыққа қысып,
Жол тартарсаң мектебиң бетке.
Көк скамья көзиңе түсип,
Тағы ядқа салар, әлбетте!
Тап усындай болар-аў, шын ба!
Не бар ҳижран отынан жаман.
Өзиң излеп келерсең мында,
Тек сағыныш болғай-дә аман!

* * *

Туслерине кундизгидей тап,
Акшамлары енермен бәлким.
Базда бағда журсем қолтықлап,
Базда гул де берермен бәлким.
Езиў тартып сонда ләблерин,
Жас ғумшадай ашылар ҳәтте.
Кеўлиң жайып ышқы дәптерин,
Уйқылы-ояў жатарсаң кәтте.
Ҳәм бөленип шийрин ләззетке:
— Ырас па!—деп уйқынды ашарсаң.
— Әдира калғыр, туспедин,—деп те,
Журегине қайғы басарсаң.
Соң суўретке телмиреп бағып,
Жас шақырар жуп қара көзлер.
Кыялларың қайларға ылағып
Бир пақырың көп дәртке төзген
Ядқа тусип, ой-ойды қуўып,
Жалбарыныўлар жанынды қыйнар.

## ГЕОЛОГ ҚЫЗҒА

Сағым кешип жол, соқпақсыз саҳрада,
Сандық киби ашыўға жер сырларын,
Бир драмма көрмей зәўлим сахнада,
Өгти екен қанша қыршын жылларын?!
Қырық тексерип қызған тастың қыртысын,
Қылдай таллап дәўирлерин, жасларын,
Қандай ысық қоңыр тарткан түр-түсиң,
Үлкемиздиң сүйип қалған таслағын.
Кәр етпестен қарлы үргин гүздеги,
Қанша жердиң „қан тебисин" тыңладың!
Сен саҳрадан кән булағын изледиң,
Мен өзиңнен лира излеп тынбадым,
Турмыз мине бәлент вышка түбинде,
Палатаны жел жулқыған даўылда,
Жазийраны шайқаў ушын гүбидей,
Келген дилбар, алыстағы аўылдан,
Саҳра болып көрпе-төсек, дастығың,
Сағынышқа тағы қанша көнесең?!
Сендегидей мәртлик болса, жаслығым,
Есте қалмай бийкар өтти демес ем!

*1964-жыл, Қоңырат.*

## ЕСКЕРТИЎ

Қалың малдың қурбаны болып,
Жат қармаққа илиге кетсең,
Аптап урған ғумшадай солып,
Гүл жарыўға әззилик етсең,
Қайда онда қосылыў бизге!—
Сум айралық пәнжесин урар.
Ақ жүзиңди аймалап өзге,
Сениң менен салтанат қурар.
Мени жоклар жүрегиң бирақ,
Ядқа алыўлар таңлайда татыр.
Айлы түнде жамылып жапырақ,
Туңғыш поса алғанман ахыры!...
Күйеўиңниң аўлағын алып,
Көз саларсаң ең соңғы хатқа.
Кирпигиңнен тамшылар тамып,
Ҳәм табынып қымбатлы атқа:
О сен шийрин хыялым, хош қал!—
Бизди тағдир коспады!—дерсең.
Жаксы тағдир, жайнаған ығбал,
Өз қолыңда гүресе билсең!...

*1959-жыл.*

Әне енди биз саған пирмиз,
Дәл тусында ойнақлап журмиз.
„Тири тышқан өли арысланнан
Артық“ деген бир нақыл қалған.
Ҳәзир дәкең артық, бил, ҳа, ҳа!
Ҳәзир саған биз шер: ўаҳа-ҳа! ..
Деп тышқанлар турды ыбырсып,
Шер тил қатты зорға ыңырсып:
„Мен—деди ол—дүньяға келсем,
Шер атымды бермей женелсем,
Әрманым не?!

Ал сизлер бирақ,
Күн көрдиңиз кемирип ултарақ.
Шерлигим де мықлылығымнан,
Ҳәй, сен самсам,

инге тығылсан,
Ол өзиңниң нас, пәслигиңнен.
Сонлықтан да қалмай бүгиннен,
Сол нақылды таратқанларға,
Айтың барып,

өли Арысланға,
Тири Тышқан ҳеш жете алмас,
Тышқанлардан шер ете алмас.
Жер астында тири жүргеннен,
Абзалырақ Шер болып өлген.

*1963-жыл.*

## ӨЛИ АРЫСЛАН

*„Өли арысланнан тири тышқан...“*
*(Тымсал)*

Нәмәрт мерген атқан алыстан,
Қанға батып жатты Арыслан.
Қәпелимде шығып тум-тустан,
Мың ярымдай келди сум тышқан.
Сарышунағы турып сәл аўлақ,
Тик шаншылған муртларын таўлап,
Шерекеңниң турмасын билип,
Көзин қысып күлди кеңкилдеп:
— Ҳә, Шереке, әжел келгенде,
Жатырмысаң мөймеңлеп сен де.
Тири гезде ҳәддиңнен асып,
Инимизди жалпайтып басып,
Туншықтырып бүлдирдиң, найсап,
Муқ қап—деди—тилиңди ғайзап!

Ызғырық гүздиң самалы саўмалап сүмбил
шашларын,
Әкемнен соң да нәўқыран инисін жоллап
алыска,
Анамның турған сүлдери төгип айралык
жасларын.
Соларды еске алғанда бауырым қан жылар
егилип,
Ондағы ақыры ҳәр тамшы сығаптан аўыр
жас еди.
Батыс ҳәм шығыс дәрўаза, ортада топтай
тебилип,
Қалайша анам күймесин, қорланған адам
басы еди.
Ал ақшам сызлап табаны, жатаныптасты
нәўбетте,
Дуканда турып талықсып, тисгем нан жетпей
қалғанда,
Келгенде үйге дайымнан „қара хат“ алса,
әлбетте,
Анамның муңлы көзинен қанлы жас ақпай
қалған ба!
Ўаҳ-ўаҳ, ондағы жоқлаўын еслесем сызлар
сүйегим,
О байғус анам, дүньяға қанщелли сонда
налынды!
Азнаўы мысалы бозлаўы ботасы өлген
түйениң,—
Сондағы тамған тамшы жас тебендей
тести-аў жанымды!

## АНАМНЫҢ КӨЗ ЖАСЛАРЫ.

Шығыстан Шолпан шағырайып, ҳарғын Ай
мегзеп ақ куўға,
Жулдыздан мисли палапан, уяға ертип
қайтқанда,
Бул тынық дүнья ҳаўасын, жутып бөленип
заўыққа,
Машқы етип әбден қарайман селтеңсиз атқан
ҳәр таңға,
Ҳәм де зар еңиреп жоқлайман сол бир қаралы
жылларда,
Әрманда бозлап өткерген әлиран балалық
шақларды.
Телмирсем жасыл шалғынға маржандай
мөлдир шықлардан,
Еслеймен анам көз жасын, таңдағы шеккен
аҳларды.
Ҳәм келер көздиң алдына зеңирейип „Орыс
жағыста“

## УЛУҒБЕККЕ.

Өтти әсирлер тастай түнерип,
Өтти нешше „мен!“ деген шаҳлар.
Өтти нешше қуллар гүңиренип,
Өшти нешше жазылған хатлар.

Жилли Жейҳун жарды кемирип,
Аңғар түўе өзгертти атын.
Нешше қала қумға көмилип,
Умыттырды өз аты-затын.

Сени шапқан гәззаптың бир гез,
Қәҳәрли халық илдирген басын,
Пәрманыңнан салынған гүмбез
Жел, жаўынға мүжитти тасын.

Лийкин, еле жулдызлар—бәлент.
Әменгерин жоқлайды излеп...

Арадан жылдар өткенде, жеткенде жеңис
хабары,
Анамның өлген дайымнан үмити еле көп еди.
Есиктен атлап киргенде әкемниң ағаш
табаны,
Анамды тағы зарланып көз жасын төкпес
деп едим.
Солайша өтти балалық, еркелик ерте
қырқылды,
Ўақтында басын сыйпаўға анамда ўақыт
болмады.
Машқы етип һәзир аймалар дәстияр болған
турқымды,
Бәри бир, сол бир жылларда хабарған
кеўлим толмады.
Аналар қайтып төкпесин зар-гирян болып
көз жасын,
Балалық солғып тартпасын, сақлансын гүлдей
көркинде.
Ойлан сен адам, түбинде адамзат болса бул
ҳаслың,
Дүньядан дәртти аласлаў тек те өзиңниң
еркинде.

*1965. жыл*

* * *

Алқызыл булытлар,
Биймәлим журтқа,
Көшеди мөлдир айдында.
Мылтықты оқлап,
Әлле не шотлап,
Шүриппени саўсақ қайымлар.
Айдында, балқып,
Сүўрети қалқып,
Тодалы ақ қуў айланар.
Қанатын жайып,
Сып-сыплап қайып,
Сарқылды пәске жай ғана.
Тик жарға келип,
Кән толқып өлип.
Өзгеси „үриккен" гезинде,
Шалпылдап айдын,
Түсиндей айдын,
Балериналар дизилди.

Қандарыңа жаўдырып нәлет,
Бул дүньядан өтермиз биз де.

Жулдыз тағы жадырап қалар,
Дөңгеленип қалар кең аспан.
Сени тағы ядлар басқалар,
Бизди сирә тилге алмастан.

„Қудай“ сендей бахтыяр етип,
Бир жулдызың бола алсам қастан,
Мазарыңды мәңги гүзетип,
Қарар едим кирпик қақпастан!

Патшалығың, алтын тахтың да,
Керек емес астралбияң,
Мен аңсарман тек те бахтыңды,
Ҳәм даңқыңды етермен қыял.

Сол даңқыңа жеткен мәҳәлде
Өлимиңди ҳәм қосып алайын.
Лийкин сениң өзиң тақаллес,
Жулдызлардан нәзер салайын.

*Самарқанд. 1960-жыл*

## ҚОСЫҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ.

I

Мен онда жаспан,
Көзлерди жаслап,
Оҳ, сол бир болған айралық!
Жоқ еди гүман,
„Кел,—дедик,—аман,“
Хошласты олар ойланып.
Дүт шашып гүўлеп,
Ахырды гудок,
„Майданға мәртлер, жүриң!“ деп.
Толқын жар қақшып,
Сөк, такан қапшық,
Баржада турды дирилдеп...
Гүрсилди семген,
Катерлер кем-кем,
Синди думанлы алысқа.
Жел тартқан пәрдей,

Гә сырғып пәске,
Гә өрлеп әсте,
Әткөншек теўип керилер,
Моншақлар шапшып,
Ақ төслер қақшып,
Жалаңаш ойнар перилер.
Лүпилдеп жүрек,
Кундақты тиреп,
Ең арыў қуўды гөзледим.
Толқынлар шуўлар.
Сыңсыды куўлар.
Елжиреп жаным төзбеди.
Қайда оқ дарыў,
Мен атқан арыў,
Дийдарын булытқа жасырған...
Сыңсыўлар тынған.
Қанаты сынған,
Жантаяр жат қуў қасымда.
Ойларға талдым,
Телмирип қалдым,
Туттырмай кеткен қуўыма.
От яңлы жанып,
Жуп тамшым тамып,
Қосылды көлдиң суўына...

*24-декабрь, 1965-жыл.*

## III

Көп сұңқар ушты,
Аз қайтып түсти,
Көбиси қалды қайманда!
Бәрин бир дизсең,
Көк бойлап жүзсе,
Алыслар еди-аў Айдан да!
Боталар бозлап,
Боз инген „тозған“,
Қалды ғой жолға тесиле!
Аз қайтты ерлер,
Көбейди гөрлер,
Шадлы жыр келер несине!
Асқардан аспай,
Соғылған тасқа,
Қанаты сынған туйғындай,
Қаралы таңда,
Малынып қанға,
Оянған ессиз туйғылар!..
Ғаўлады „минар“...
Нартлады шынар,
Ырғалды майса, ырғалды.
Жырланбай әбден,
Жүректе, әттең,
Қайран балалық жыр қалды!
Аралап қырды,
Жырды жаңғыртып,
Шарықлап ойнар гез өтти.
Пайымды қосып,

Талпынып зәрре,
Зеңирейисип қалдық ғой жағыста...

## II

Ойынды желсеп,
Жағаға келсек,
Елеслер баржа турғаны-ақ.
Уйқыдан турсақ,
Муң болды қурсақ,
Оҳ, қырда қалды-аў қырғалақ!
Табанлар дик-дик,
Терип жигилдик,
Чай демлеп боян тамырға,
Күнелтип еплеп,
Собық жеп, шөп жеп,
Геўректи жыйнап тахырдан,
Жүрсек те, муңлы,
Әрманлар—қунлы;
Безген бе илҳам, сезимлер!—
Шынраўда шырлап,
Көкиректи тырнап,
Жол таппай сеслер безилдер.
Жырларды тасқын,
Жоқлаўлар басты,
Жылады сынсып тоғайлар.
Жыр емес, тек те,
Алысқа кеткен,
Сағынтты бизди ағайлар!

## ЫЛАЙ ШЕЛЕК „ТРАГЕДИЯСЫ"

Ылай шелек тынбай мудам шалпылдар,
Сондәм оны көрингенлер „алқымлар".
Жалп еттирип желим ылай саларда,
Бел де оны нуқып-нуқып қалады.
„Қабырғасы" сөгилгенше шүйелип,
Шелек сорлы дал-дал болып жийеги,
Қайыстырып-майыстырып шыңғасын,
„Бизгәм несип болды ма,—деп—шың басы"
Өлип-талып жеткенинде пақсаға,
Сыйрағынан беккем тутып жақсы аға,
Ғыш гербишке былшылдатып „маңлайын",
Қалақ пенен қырып алар „таңлайын".
Бос шелектиң қанша енди кереги,
Уста оны көктен зыңып береди.
Шелек „Ўаңң!" деп жерге барып түседи!
(Бир көрмеген қорлығы да усы еди).
Ал пәстеги ылай бергиш азамат,
Жеңиллетиў ушын оны тазалап,

Қосық айт, козым,
Бердим мен саған гезекти.
Қақпастан кирпик,
Қорғайын сергек,
Жырынды өзим, қулыным.
Жырланбай қалған,
Жырымды жалға,
Жасарсын жаным жылынып.

*17-декабрь, 1965-жыл.*

* * *

Айсыз түнде ылақтым,
Мәнзиллерим жырақ дым.
Жапан дүзге япырмай,
Ким жағады шырақты?
Әлле аққан кийиктиң,
Телмеңлеген көзи ме?!
Сонда неге бийиктен,
Орғымайды көсиле?!
Я жолларды аңлыған,
Жолбарыстың көзи ме?
Қос ноқаттай таң қылған,
Жақынласар көз, мине!
Бирден жанды сус басты,
Дирилдеди жүрегим!
Не бәлеге дусластым,
Ытқып берман жүреди!
Базда өшип, гә лаплап
Өмир көшти тусымнан.

Төңкереди, аш бүйирин таяныш,
Темир нәлли кырық төртинши аяғын,
Кеңнен керип тарсылдатып тебеди,
„Ўаң-ўаңлатып“ Шелекти шүй төбеден.
Енди оның „кулағынан“ тартады,
Ылай қамба, белдиң қыры бар тағы!
Ал жоқарыда шелек берген ылайды,
Жаланқая гилмалалар жалайды.
Шелекеңниң еңбеги жоқ ҳеш жерде,
Барлық исти гилмалалар питкерген!
Гилмаланы кеште суўға әкелип,
Жуўып-шайып орастырып, мәпелеп,
Әкетеди қолтыққа алып устасы,
Ылай қамба шелек орны, қысқасы
Батпай ма усы ойлап көрген адамға,
Жылмақайдың жағыўын-ай ладанға!

* * *

Алтын шуғла ойнар толқын жалында,
Дүнья кем кеўилли қыздай елжирер.
Қызыл баўыр булытлар көшер жалындай,
Инкар айғабағар күнге телмирер.

Аптап сона киби ништер урады,
Қумға пискен жылан инге серпилер.
Пәшек „көзин" жумып, мүлгип турады,
Тек те айғабағар күнге телмирер.

...Қан қызыл нур шапшыр толқын жалында,
Өмир өзегинен жапырақ кемилер.
Аспан пахта түтер қанға малынған,
Тоймай айғабағар күнге телмирер!...

*29-ноябрь, 1965-жыл.*

Мақлуқ өтти жалақлап,
Қос қабақ от „қысымлап"...
От бар жерде өмир бар,
Отлар көрки даланың.
Саҳра үнсиз сағынар,
От парлаған қаланы.

*1962-жыл.*

## ӨЙТКЕНИ...

Көп күттирди, тоқталған жағыс,
Мезгилинен кешиктик ақыры!
Бизди ермеклеп ийримли ағыс,
Сыңқ-сыңқ күлип тауланып атыр.
—Дарға-а, кел!—деп үн қостық бизлер.
Қос даўысты ап қашты ақшам.
Үркек толқын жалында жүзген
Ай сынығы шүмгенде қашшан
Пай, анаў бир баўырман ғарры,
— Миниң баллар!—деп келди-аў сонда.
Жулдыз санап, гүзетип таңды,
Отырар едик ол болмағанда.
— Өзлеримиз айдаймыз ата,
Сиз рульге шығыңыз,—дестик.
Қайық бурып берман қарата,
Екеўимиз қос ескекти естик.
— Ҳәтте өмир ескегин де биз,—
Сыбырластық:—бирге ессек,—деп.

* * *

Бүркип таң шығысқа гүлгин шарабын,
Сергип уясынан қырғый асығар.
Сәрўи дуўахандай көлге қаранып,
Жанған орамалдай гүллер ашылар.
Емип таңғы көкти гүмис дөнген шық,
Жасыл жапырақлардан жастай сырғанар.
Қырда бөденелер қурар бытпылдық.
Суўға дизбек дизер көктен тырналар.
Гүллер ләблеринде бийпарўа ҳәрре,
Үпик аяқларын үйкер тозаңға.
Гүллер налынбастан ҳәрреге зәрре,
Шийрин табақ тартар бул таң азанда.
Олар ҳәзир ништер ушы татып пал,
Гүзде палдан татлы мийўе қалдырар.
Маған „сақый бол" деп сыбырласып тал,
Маған „сақый бол" деп Қуяш жалтырар.

*1966-жыл.*

* * *

Қайсы бир елде жүрмесин,
Болмасын, мейли, аўыллас,
Бәри бир, көрсин, көрмесин,
Көбиси маған баўырлас.
Олардың бири жас алса,
Қамығып мен де жыладым:
Оларға биреў тас атса,
Қармандым қылыш қынабын.
Биреўи аштан буралса,
Усындым қыйып нанымды...
Бар досым басын қурай алса,
Жыр деме жекке-жарымды!

Суў устинде әрман еткенбиз:
—Қос қырандай бирге өссек,—деп...
Талай „ирге жаңалап“ жасым,
Сени алып атланды жыллар.
Лийкин, сол түн садық жолдасым,
Жүрегим сол ақшамды жырлар,—
Өйткени—сол түнги ышқым бар.

Қол сырғанар гә зәңгиге, тақымға,
Пәтли болсаң ал аўдарып,
хақың бар!
А-ал, қарайгөр ақбоз атлы қараны,
Сылынғыр жас ашып барар араны.
Қара ат минген, дигир мойын, қырылдақ,
Топты жарды,
жолды шалды қырынлап!
Арық сары күйе кыстап „шағырды“,
Өкшаўланды оқтай ушып тақырда.
Гә тартылып аттың темир туяғы,
Гә серпилип жер келеплеп жыяды.
Гә тасларды шашыратып дойнақтан,
Жылдырымдай жылмаңласып ойнақлар.
Гей арғымақ шабандозын қулатып,
Қула дүзге қулдырайды ылағып.
Тер бурқылдар,
шаң буркылдар, бурқылдар.
Қамшы өрими тарқалғанша шырпылдар.
Жалпылдасар қулақшынлар, „шалғайлар“,
Ийесинен адасқан ийт далбайлар.
Еглениўге,
назланыўға жоқ пурсат,
Лийкин топтан шыққың келсе—рухсат!
Тур жығылсаң,
Қақ, шаныңды
атты тап,
Шам айылды беккем шал да мине шап!—
Ортақ сүрен усы ғана ҳәммеге,
Әззи болсаң келиў қыйын мәмилеге.

## КӨКПАР

Айтақырды ат туяғы сабалап,
Қызды тартыс,
Қызды ылақ, шаба-шап!
Дүрлескен журт.
Минезлер—шурт...
Қым-қуўыт,
Биреў қашса топарласар мың қуўып.
Жалғыз шөже жемтик алып қашқандай,
Мыңсан шөже бара тапырласқандай;
Көп мешиндей көк айдынға шашылған;
Көп аламан аттың басын қашырған;
Гә усласып,
Шоғырланып,
Тарқалып,
Алақласқан,
Жалақласқан бар халық!
Темир тақым шабандозлар пай қасқан,
Печенегтей ат үстинде айқасқан.

## САЙЛАЎШЫ АНА

Тағы бәҳәр, тағы елде жаңлар хош хабар,
Кызыл байрақ жәўлан урып доланар ҳәр жай.
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Ана кеўли қарар таппай турып таң сәҳәр
Ынтықтырған арзыўлы исин етежақ бәржай.
Кийип алған ақшам қойған мәсисин майлап,
Суўсылдасып сес береди пашшайы көйлек.
Ала геўгим. Түсер ана гүзарға жайлап,
Қарт жүреги барар өткен тарийхты сөйлеп...
Көз алдында сүйрик киби сыланған шағы,
„Қызыл үйге" урлап басқан сол сәтсиз қәдем;
Талпынғанда „ашылды—деп—өмир қушағы",
Залым әке қамшысынан ашыды-аў беден!
Жыллар өтип, булыт ыдырап нур шашып
қуяш,
Шешек атып, көз тартқанда жаркын
келешек,
Гүлзардағы бүлбиллер де „дийдарыңды аш",

Бул кәрада өтпес сениң халтураң,
Шық мәрт болсаң,
абырай жеңип ал туўра!
Бунда нағыз алғырлардың сынағы,
Шабалмасаң бел омыртқаң сынады.
Ҳәмме қалмай даңқ, мәртебе таласар,
Әжиўасаң ойың болса аласа!
Бул майданға абайлап шық шаманды,
Шабандозлық, билсең, мүшкил маманлық.
Талабан көп
аларман көп ылаққа,
Жеңимпазы жалғыз болар биракта.
Бир сыйраққа жармасалмай еле биз,
Гә сүрнигип, гә шаңғытып келемиз!...

„Кандидаттың анасы“ деп сыбырлар ҳәр тал.
Ана кеўли әлле кимди жоқлайды азмаз—
„О ағасы, шадланарең болғанда сен де!...“
„Сайла тыныш өмир ушын!“ деп таныс
ҳаўаз,
Қулағына тал-тал келип сергитер демде.
Қыялына мың мәртебе гөззал айлана,
Келди ана жүрегинде қуўаныш қат-қат.
Ақ тәсинен ышқын емген адырақ көз бала,
Қандай бахыт халқы исенген болса депутат!
„Хош келдиң!“ деп ығбалындай ашылып
есик,
„Мындаман!“ деп қызыл қуты шақырар
мәрдана,
— Тыныш дәўран, мәңги шадлық болғай,—
деп—несип,“
Перзентине даўыс берип қайтар мәрт ана.

Деп сайрасты „Бахытлысаң сен де
келиншек“.
Колхозласыў, баслық сайлаў, умытылмас
елес,—
Тунғыш мәрте журт алдында сөйлегенлери.
Дей бергенде:—Биз кешеги кул ҳаял емес!—
Бир ладанның пешин басып „қой“
дегенлери...
Қостары еккен қураш баслы қос түп
караман,
Ядқа салар сайлаўға бир жол тартқанларын:
Адырақ көзли арық бала: „Мен де бараман
Таслап кетпе, әкет, аға!“ деп айтқанлары.
Әке кеўли перзент мейлин жыкты ма сонда,
Нәресгени барды жетеп сайлаўға. Бирақ—
Ел үстинен топ атылып жаўға атланғанда,
Қараман да, яр да қалды, бәла да жылап!
Сол-сол екен, кекли ана қостары менен,
Сайлаўларға кол усласып бармады қайтып.
Барды ана жалғыз улы, дос яры менен,
Әдиран қалғыр сол урыстың зардабын айтып.
Мине, ана қараманға тигеди көзин,
Ақ көкиреги гә қамсығар, гә барар шалқып.
Бийықтыяр мыйық тартар бийлеп зор сезим,
Алпыс қысты артқа салған жүреги балқып.
„Жүр ана!“ деп көсилгендей айдын көшелер,
„Жүр ана!“ деп жаўырынынан қаққандай
самал.
Көз ушында ақ жай ымлап „кел ҳә шеше!“
дер,

О жез қоңыраў, бул сапары бирақта,
Мени емес, өзгелерди шақырдың!
Ойлап турсам орынбасар ер жетип,
Жеткиншеклер орынымды басыпты.
Қоныр сестиң парасатын тербетип,
Бәри бирден партасына асықты.
Ал мен болсам, ҳақ жүрегим елжиреп,
Сылдырыңнан жаслығымды сорадым.
Ахырында инкәр болып, телмирип,
Эстафета алғанларға қарадым.

## ҚОҢЫРАЎ

Туўыў үйи билим менен ақылдың,—
Туңғыш қушақ ашқаныңда мектебим,
Шақырыўшы дабыл болып қағылдың,
Соннан баслап хыялымнан кетпедиң.
Каникулда сеслериңди сағынсам,
Сентябрьди тез келгей деп тиледим.
Жан досымдай жүрегиме жақынсаң,
Мектебимниң сыңғырлаған тили едиң.
Жыллар өтип, он жыллықты тамамлап,
Қосыларда мийтиндей нық қатарға,
Қыйып кетиў қыйын болды маған тап,
Атланарда турмыс жеккен сапарға.
Мине ҳәзир жас инимди жетеклеп,
Сылдырлыңа елең қағып бараман.
„Қыраў шалар“ қара шашты етеклеп,
Сени еситсем сонда да мен баламан.
Таныс сестиң тарап тағы жыраққа,
Тап баяғы үнге салып қағылдың.

## ҚУРЫЛЫСШЫ

Жағымпаздай жалақлап қалақ,
Жайып салар ылайды жалап,
Тарпа басар ғыш гербиш жылдам,
Дүзиў дийўал тартылған қылдан,
Сөйте-сөйте табандай тастан,
Сездирместен гөзлейди аспан,
Нәрўанлар да ырғалар пәсте,
Қурылыс тағы бәлентлер әсте.
Ал кем-кемнен өрлеген уста,
Диң аспанда киширейер қустай...
Сыйпалаўлан гербиштиң „жонын“,
Өзге ой жоқ кеўлинде онын.
Билген емес мәртебе, даңқты,
Көп қоныслы, етсе де халықты;
Кимге салар дәл усы жайды,
Ким отырар келеси айда?
Тербелер ме бул манда бесик,
Яки табыт болар ма несип?

## РЕПЕТИЦИЯ АЛДЫНДА

Режиссёр—драманың короли
Роллерди тақсымлаўға сабырлы-ақ:
— Ҳүжданы пәк герой мынаў, төрели
Ким ойнайды?...
Гүллән даўыс жабырлап
Зал хордағы ширкеў яңлы гүрледи.
„Бизге бер!“ деп актер қалмай түргелди. .
Режиссёр тағы саўал таслады:
— Соңғы герой,—жаланкая, ҳарамы,
Иплас, шуғыл ойлаған тек бас ғамын!
Ким ойнай-ды-ы?!
Ҳәмме жерге қаранып
„Мен!“ дегенди ҳеш ким тилге тур алмай;
Залда жым-жырт умытылған храмдай...

## КЕЎЛИМ МЕНИҢ

Кеўлим мениң шексиз космостан да кең,
Буған пүткил жәҳән еркин жайғасар.
Бунда—жасыл дөнген қәдирдан үлкем,
Қуяш сүнгип шыққан океанлар тасар.
Кеўлим булыттан да бос
Иван ески дос,
Сен кирпик ләмлесең мен жас төгермен.
Кеўлим қыннан да тар, мийтиннен де тас,—
Хиқ кеўилге наҳақ болсаң егерде.
Ҳәм де еркин сыйған гүллән жер бети,
Бул пәк, қылдан нәзик, бул кең көкирекке,
Сыймас бир гезлери сыйған келбетиң,
Тилим „өлди ол" деп сыбырлар тек те...
Кеўлим—садық дослар, мәртлер диары,
Бунда жақсы нийет жадырап баратыр.
Бунда досларымның жарқын дийдары,
Ҳәм ўапасыз ярдың қәбири жатыр.

Қосылар ма қостарға қостар,
Яки айра түсер ме дос яр?
Алынар ма дәслепки поса,
Пашақлар ма мәскүнем кәса?
Билген емес усының бәрин,
Гербиш қалаў тек оның кәри.
Усы кәрде ой, ықлас сезим,
Қыйсық кетсе жуўапкер өзи.
Сығаланып турғанын көрсең,
Дәл зергердиң өзи ме дерсең.
Басты шайқар сәл кетсе шалыс,
Қурылыстағы ҳәр гербиш таныс.
Бәрин өзи биримлеп өрген,
Бәрин өзи бир услап көрген.
Қурылыстан соң тағы да қурылыс,
Мыс қазандай қайнайды турмыс.
Тағы уста гербишин қалар,
Ҳәм өзине естелик салар,
Қалдырса да дүньяда кән из,
Буны өзи сезбейди ҳәргиз.
Салар едим ҳәриптен жайды,
Қаран мине, булар дым майда.
Қырық мың гербиш-бес қабат өжире,
Қырық мың ҳәрип—шаппаттай шежире,
Бир ҳәриплеп қурасам дәстан,
„Жай өрмедим" деп налынбаспан.

Сезбестен ҳәттеки артта қалғанын,
Жүзлеген горизонттан атлаймыз
жылдам.
Жумбарлап баўырына басып бултларды,
Көк аспан жарланып еңтерилер изде.
Сүйемиз алдағы горизонтларды,
Белгисиз ығбаллар шақырар бизди!

*1964-жыл*

* * *

Инсанбыз әрманға ынтыққан жастан,
Сезбеймиз биз оған жеткен гезлерди...
Дүньяның шалғайын қымтаған аспан,
Шақырар, тағы да шақырар бизлерди.
Жақындай көзлерге, жақын қыялға,
Қыран да қууыра алмас, лийкин арасын.
Қулшынып қанша биз талпынсақ алға,
Горизонт соншелли қашып барады.
Көйлектиң желқомдай томпайтып „уртын"
Қаншелли жууырыстың балалық шақта!
Селкилдеп сақаллар жорттық, жууырдық,
Туттық па шалғайын қанша қуусақ та?!
Таўларға келсек ол таўдың артында,
Қурғаққа жетпей биз, айдынға жөнер.
Егленсек егленер, жүрсек бәркулла,
Белгисиз бахыттай таста дөңгелер...
Қупиясы емес бул сырлы дүньяның,
Оптиктей биз оны айырамыз қылдан.

## СҮЙЕМЕН

Қанатыңа ерип келген сәўирден,
Сел жапырылып, қыраўлы қыс шегинер.
Сизлер кәрўан тартып келген дәўирден,
Жерге ҳасыл маржан тухым себилер.
Сонлықтан да сыпсыңласқан дыбыслар,
Бәлент көктен еситилген мәҳәлде,
Ғарры диййхан „ғаз келди“ деп сыбырлар,
Изин ала мийнет гүжир бәҳәрги.
Ал гүзде-ше, жерге зерден түр берип,
Атланғанда узақ-узақ сапарға,
Пәлек жыйған диййхан қостан түргелип,
Көзин тигер хош айтысқан қатарға.
Сонда шыңдай қырманларға суқланып,
Соқпайын деп ықтыятлы барарсыз,
Сеннен айра түстим-аў деп көп налып,
Палапанлап өскен көлге қарарсыз.
Пәрлер түлер, жетилисер қанатлар,
Соған шекем ҳүким сүрер алтын жаз.

## МИННЕТДАРЛЫҚ

Миннетдарман, мен сизлерге, жақсы аға,
Қәсийетимди салыстырып басқаға,
Жақсылардан пәслигимди аңлайман,
Ҳәм жақсылар жүрген жолды таңлайман.

Миннетдарман мен сизлерге, ахмақлар,
Түсип қалсам сизлер жүрген соқпаққа,
Сағынтарсыз сизлер ғана тек маған,
Жақсылардың жарқын жүзин жайнаған.

Миннетдарман барлық ышқыпазларға,
Бузық қатын бузып өткен назларға,
Мен олардан қашқан сайын жеркенип,
Сағындырар ярым еткен еркелик.

* * *

Дана болсаң ақыл тыңлар баламан,
Надан болсаң өзим дана боламан.
Гайлас болсаң түссин ойлар жарысқа,
Өз ақылым жетеди деп санама.

Даналардың нақыл сөзи болады,
Наданның да ақыл сөзи болады.
Ақыл менен аңлай алсаң ахмақты,
Дәл сол даналықтың өзи болады.

Ышқыңызда келдим бунда қонаққа,
Үрикпең меннен, порық терген қоңыр ғаз!
Үрикпең меннен, суў сабалап ойнаған
Машқыңызды жалғыз оққа сатпайын.
Көркиңизге аш нәзери тоймаған,
Ашығыңман. Үрикпең меннен, атпайын.
Ғаңқылдасқан сеслер жаңлап жәҳәнда,
Көк палапан безей берсин көл бетин.
Мылтық сести унамайды маған да,
Мен сүйемен тыныш өмир келбетин!

*1962-жыл, Даўыткөл.*

Гүллер әтир шашқан батыл жылғада,
Есте ылақ жойтып, жылап турғаның.
Ҳәрре гүўлеп ушса түгиң шаншылып,
Жылан кебин көрип селк еткенлериң,
Анам жийде қақса тердиң асығып,
Сени, балалығым, қайда көрмедим?!
„Жыққын кеткен" деги жаз бийдай болық,
Шымшық журқылдасып үркер тасыңнан.
Сақпаныңнан ушқан дасқардай болып,
Кетпе узақласып кем-кем қасымнан!
Еглен, достыңман мен өзге кийинген
Сен де сол жылларғы ерке баласаң,
Гөне бөз сумкаңды асып ийинге,
Тоқта балалығым,
қайда барасаң?!
Сени шөллерден мен гүм-гүм қуўалап,
Ғуллығулық жаққан орпаңнан таптым.
Сабан гүдилерден тағы думалап,
Бир кел балалығым, бийпарўа ўақтым!
Боздан қарамықлар жыйнаған жайға,
Қыран пәрўазында жетип барайық.
Онда жаңа шәҳәр дөнген шырайға,
Геўрек таба алмасақ кишмиш сорайық.
...Есап машқында, қой, шайнап қалемди,
Зийрек ойлансаң да желке қасыма!
Ол сан теңдей болар, қоссаң ал енди,
Жыллар даўамында түскен шашыңа!...
Тағы тал сығалап, излеп ләплерди,
Тағы яр жоқлатып, бозлатпа мени!

**СЕНИ ӘДИУЛЕЙМЕН,**
**БАЛАЛЫҚ ШАҒЫМ.**

Өмир сокпақлары болып кең гүзар,
Гездим шешек атқан ышқы гүлбағын,
Таңғы думан киби серпилген жыллар,
Бизди айра салмас, балалық шағым!
Ўақыт озған сайын шийрин хыялдан,
Таптым ески журттан сағынғанымда.
Шығыр кериздеги майысқақ талдан,
Қумға ырғып түсип қағынғанында.
Көрдим Қаттағарда суўға шомылып,
Арқа тутқанында алтын қуяшқа,
Таңда мөлтилдескен шыққа көмилип,
Түкли тәрнегинди излеген ўақта.
Базда баспақ бағып, сайларды бойлап,
Өзек бойларында шерттиң үшпелек.
Басқа қапылғандай ийт пенен ойнап,
Қашса қанат байлап қуўдың „күшке!" деп.
Таллар өрим жуўған мөлдир тунбаға,
Ғайры „нағыс" салып қармақ қурғанын,

## КҮТ МЕНИ

Аяйман ата-бабамды, Чимбайдан арман
өтпеген,
Көксине тартса көрпеси сор мәңлайына
жетпеген.
Шемиршекленип шер қатқан жүректен атың
кетпеген,
Өлерде Саған жаўтаңлап, тек несип болып
жас ғана,
Әрманлы кеткен аз емес гүңиренип жердиң
астына.

Еслесем шеккен азапты бай, болыс, қазы,
төреден,
Мен усы жаңа турмысты соншелли жақсы
көремен,
Ҳәм капиталистлик дүньяға түксийип қарай
беремен,
Ал Саған бақсам жас жаным сансыз ләззетти
табады,

Дилбар өзге менен „өл“ деп дәртлесип,
Қашшан перзентине ақ сүт бергени!...

* * *

Пах сен балалығым—садық жолдасым,
Билим ышқы айдап сапар тартқанда,
Аббаз шайыр кесип бир жамбылшасын,
Ҳақ жол тилегенде оянып таңда,
Кеўли нама сезген сергек көкиректин,
Сени, балалығым, көрдим төриңде
Гөззал бағларында Нөкис, Ташкенттиң,
Көрдим уллы русстың ҳасыл жеринде.
Жасыл жайлаўларды, таўларды гезсем,
Алтын ойпатларда, көрдим булақта.
Жүз жыллық шынарды жанлы деп сезсем,
Нарт шыбық шақлары гүўлер қулаққа...
Мендей сансыз бөбек салған излерин,—
Ўатан—алтын тахтым,—әзийз топырағым.
Бунда талпындырған қанатым мениң—
Сени әдиўлеймен балалық шағым!

*1963-жыл*

Сағынып күткен достыма тап кеше келдим
десем де,
Ай алдап-арбап өтипти, бир күншелли де
сезбеппен,
Кең кушағынның еле мен төрттен бирин де
гезбеппен.

Басылмай маўқым жүргенде атланар ўақтым
жақынлар,
Хошласар пайты келгенде жас алсам көзге
ҳақым бар!
„Айралық“ сөзин жүректен мәнги аласлар
атың бар,
Сол атың „атлан перзентим, айра түспеймиз!“
дегендей,
Лийкин, тоймаған нәзерим телмире берер
еле де.

„Қара айғыр“ қашшан қыйғырды, пыс-пыслап
кәрўан жылысар,
Шыраклар калар лып-лыплап, перроның ке-
йин ығысар.
Тыңласам көкирек лүп-лүпин „Мос—ква!“
деген дыбыс бар,
Жүрегим фотоаппарат—түсирип кеттим асыға,
Күт мени, қайтып келгеншен, хош алтын ир-
гем, Москва!

*1963-жыл, Москва.*

Сонлықтан шийрин хыялым ҳалласлап саған
шабады.

Бабамнан қалған әрман да сен себеп болып
иске асқан,
Дослықтың батыл соқпағы кең гүзар болып
ушласқан.
Бахытлы туўған әўладпан Перзентиң қойған
ықластан,
Ынтығып келдим алдыңа әдиўли басты
иймеге,
Таярман әсир қалғыған ҳәр бир тасыңды
сүймеге.

Атлаўдан алтын иргеңнен бийтаныс жанды
көрмедим,
Дийдары ысық достымды ҳәр бир адымда
серледим.
Емиренсем көрген адамға „жеңиллик еттиң"
дермедиң?!
Қарасам көзим тоймаса, қашан бир мийрим
қанады?!—
Сен берген ышқы жүректе домнадай лаплап
барады!

Моторлар жыры гүўлескен көзлерге сүрме
көшең де,
Машқы етип алға талпындым ығбалдай жар-
қын кешеңде.

Қос қабатлап көз әйнек салып,
Мәгар қолға алсаң жақсыны,
Баяғы жол қалса жырақта,
Буны шыннан мақтарсан, бәлким
Ҳақ жазарсаң. Саған биpақта,
Инанар ма алданған халқың?!

*1964-жыл.*

## БИР КРИТИКСЫМАҚҚА

„Мыңқ“ етпедиң етсең де айып.
Самтықларды гүлге теңедиң.
„Халтура“ деп айтыўдан тайып,
Кемшиликтен ләм-мим демедиң.
Бирли-ярым түртсе қәтенди:
—Көрдиң бе,—деп турдың,—шатағын!
Исенбеў де саған жат еди,
Бар ғой ақыры илимий атағың!
Ал, „мақтаўлы“ шықты халтура,
Сорлы автордың қурысын маңлайы!
„Мийнет сондай болсын,—деп,—ура!“
Тақылдады мәккар таңлайың.
Соның менен китап тарқалып,
Қарыйдарлар нәрсе утпады.
Сени автор ҳәм де бар халық,
Әдил түрде қатты судлады.
Табаның қоз басқандай жанып,
Айтар сөзиң болды „аҳ, сени!“

Iексиз жазийрада жападан—жалғыз,
стирт далаларын шарлайды арыў.

үзде солығанда гиялар, гүллер,
Iилбар кулағына тынбай гүўилдер:
Бизлер өлдик, ал сен, қайта туўып,—дер—
стирт далаларын шарлай бер арыў!"

әзир баяғыдай емес қула дүз!—
элент вышкалардан парлаған жулдыз:
Ақшам жол силтейин, о әдиўли қыз,
стирт далаларын шарла,—дер,—арыў!"

эси сәлемнама, гәси муҳаббат,
аппай өз ийесин қаңғырады хат.
ек те аты болып жүреклерде яд,
стирт далаларын шарлайды арыў!

ны „өлди" десе қулпы тас тек те,
Жигит, көз жас төгип әззилик етпе,
ың жасыл жалын шалшыған көкте,
ған дәркар еле алысқа барыў.

*1964-жыл.*

## ҮСТИРТ ДАЛАЛАРЫН ШАРЛАЙДЫ АРЫЎ

*Еленаның естелигине*

Саҳра көкке тозаң суўырған ўақта.
Мүшкил қула дүзден жол таўып жарыў.
Түнек боранда да тынбай бирақта,
Үстирт далаларын шарлайды арыў.

Қыста қарлы қуйын жулқып шашларын,
Ҳәргиз төге алмас қыздың жасларын,
Қырдан, дөңнен асып, басып таслағын,
Үстирт далаларын шарлайды арыў.

Бәҳәр, соны табар аңқыған жуўсан,
Кийик паналайды дүркитип қуўсаң.
Тилсиз кең саҳраның ханшасы қусап,
Үстирт далаларын шырлайды арыў.

Жазда аптап урған ҳәр түп маялыш,
„Аўыр тағдийриңе етпе,—дер,—налыс!“

Жағыс турар сондағыдай жарланып,
Собық посты...
Үпелеклер сырғанар.
Ҳәм кербиие маңлай келген қасқадан,
Суў сабатлап ертер ерке қулынын...
Суў кабаклы ана шығар жасқадан,
Жылўа урлап, жыллар қосқан тулымын.
Ал, тунбалан пәри яңлы үкиниң,
Сүйрик емес, ақ бас қамыс ығады...
Қалыңлықтан аң қашқан соң өкинип,
Ат сабалап аңқаў қусшы шығады...

*12-декабрь, 1965-жыл.*

## ДҮНЬЯ МАҒАН ГӨЗЗАЛ КӨРИНЕР

Бәлент көкте ушса тырналар,
Қанатынан нәзик жыр қалар,
Жерде қара таллар ырғалар,
Ҳәм көллерде ақ қуў еринер,
Бәри маған гөззал көринер.

Гүзли-бәҳәр ғаз қайтқан ўақта,
Дүркин-дүркин ушқан узакша,
Хыялымды силтеп узаққа,
Илҳам қанатлары керилер,
Қатар-қатар жырлар өрилер.

Гөззал маған ҳәтте бәҳәрде,
Гүл ләбинде ызғыған ҳәрре,
Бул өмирди сүймесем зәрре,
Тәбият та жансыз сезилер,
Онда жүрек-баўырым езилер.

„Қайда таңда туңғыш салған излерим?“
Сам саз дүзден өз изимди изледим.
Атқан аўым зилин салып кем-кемнен,
Қорғасындай басып барар еңсемнен.
Соңғы аўдан тембил-тембил қан ағып,
Қарға шашқан жигилдиктей қалады.
Туў сыртымда киятырма, ким билсин,
Нәр татпаған аш көк жалы бул дүздиң,
Қасқыр ийттей жалаған өз жалағын,
Қардан тамған қанның изин жаланып!...
Излеримди мәзи излеппен таңдағы,
Үргин көмген қалдырмастан саңлағын;
Налынбаспан өшсе изим қардағы,
Идәраллы басқа изим бар тағы.
Бул әдиўли, машақатлы излерди,
Таңғы қораз тамақ қырған гезлери,
Из түспеген, қар қаплаған даладай,
Дақ түспеген ақ қағазға саламан.
Жуўылмас ол селлер менен бәҳәрде,
Желге ушпас даўыл турған мәҳәлде.
Тек заманлар жүреклерден өширер,
Я дәуирден дәуирлерге көширер,
Сол из барда араңызда боларман,
Шайыр ушын жалғыз ғана сол әрман.

## МЕНИҢ ИЗЛЕРИМ

Хрустальдай қар қылаўы айнала,
Ақ қағаздай қар қаплаған ай дала,
Ақ қағазда дөңгеленген ноқаттай,
Жалғыз қара киятырман оқ атпай.
Улпа қардан телмеңлесип көзлерим,
Жоқлар қоян, жорткан аңның излерин...
Паңқылдатып талай аттым, түс болды.
Оқ таўыстым, кейин қайтыў күш болды.
Суўға түскен пөлке нандай былбырап,
Киятырман әбден шаршап сылбырап.
Пуў буркылдар малпақ-салпақ кийимнен.
Қула дүзде алжастым ба мийимнен!
Өзим таңда жүрип өткен жол қайда?
Мынаў будыр сол излерим болғай-дә!
Табанымды өлшеп көрдим, соқпадым,
Болып шықты ол өзгениң соқпағы.
Жат излерди қуўсам усы кәрадан,
Онда сөзсиз жат мәнзилге бараман.

## Кәрўан жоллары

О сиз, батыл дәрья қырғақларынан,
Найдың сестин урлап гүўлеген самал,
Ески намалардың ырғақларынан,
Бул жоллар тыңлаған зарды еске сал!
Хан, султан, бек, болыс—кәрўан басысы,
Кулларға жарты нан көрместен рәўа,
Қоқаңлап үстинде жүкли жазысы,
Елеслер көзиме бир аш көз кәрўан:
Маң басқан атанлар—жанлы жоталар,
Бийпарўа теңселип қалғыр қатарда.
Қалдық деп бозламаң, ерке боталар,
Ол кәрўан оралмас қайтып сапардан...
Сизлерди заманның баспай салмағы,
Жаңа мәнзиллерге ойнап барарсыз...
Бул жоллар гезинде кимнен қалмады,
Бозлап өткенлерди ядқа алармыз.

## Тас дәрўаза алдындағы ойлар.

Алыс жолдан арнап келсең, жолаўшым,
Көп егленбе тас дәрўаза алдында,—
Оқ жай гезеп тәшўиш бермес тонаўшы,—
Зерикпесең зәрре нәпес ал бунда!
Қапы қақпа, қола гилти шынғырлап,
Зилдей есик зыр айналып ашылмас.
Иштен нөкер найза тутпас мынғырлап,
Көзлериңнин жаўын алмас ҳасыл тас.
Шыңғыс ҳәзир арғымағын ырғытып,

## ӘЙЙЕМГИ ХОРЕЗМГЕ САЯХАТ

*Цикл*

* * *

Бәлент шың басларын аңсаса тарлан,
Талмас қанатлары көкте шарқ урар...
Алыс-алысларда булдырап әрман
Ушқыр қыялымды жолға шақырар
Ҳәм де парўаз еткен арзыўлы жайға,
Кеўлим қустай қонар қанатын жайып...
Жыллар жалап өткен кәрўан сарайға,
Кәне, жүр оқыўшым, бирге ушайық!
Онда жатырқамас мың жыллық пақса,
Жатсаң жасыл алап оңлы—солларың;
Базда изге, базда алдыға баслап,
Семер көк жийекке, кәрўан жоллары.

Ақсақ Темир жалаңлатпас қылышын.
Зергер дүнге мыс геўгисин қурытып,
Ал темирши қалқан соқпас пул ушын
Азан менен азан айтып азнаған,
Ақ сәллели ахун да жоқ минарда.
Мәйқорсаң деп дүрре соғыў жоқ саған,
Мәйиң болса, кел, шығайық қумардан!
Ал мәсирсек гүлаллардың гүзесин,
Сындырармыз деп те ҳаслан ғам шекпе.
Шашың болса демес ҳеш ким „гүзелсин!"
Булман азат ҳәзир қазы, хан, бекген.
Жаршы да жоқ хан пәрманын қақсаған,
Жарқылдатпас жәллад саған қанжарын,
Жамбас пулы төлемессең жатсаң ҳәм,
Түне тапсаң мийманхана тамларын.
Мейлиң қазна, мейлиң жоллан сарайға.
Шаҳтың қызы сейил еткен бағқа бар.
Табалмассаң оннан жанды қарайған,
Өзге жерде базар қызған ўақта да.
Онда ҳәзир шаҳ қырық кәниз ойнатып,
Баламаншы уртын қайтып томпайтпас.
Дүкән қурмас баққал көше бойлатып,
Уста гүмбез сырлап көкке сомпайтпас.
Иймек мойын түйелердиң қоңыраўы,
Жаң-жуң жылап кәрўан көшпес булманнан,
Еситпессең журттың қойдай жамыраўын.
Қул базардан нешше қуллар пулланған,
Беклер беги, шаҳлар шаҳы шалқайып,
Дийўаналар зарлап қайыр сорамас.
Дәриўишлер сегбир шегип қартайып,

Коррандозлар талайынды карамас.
„Гөр екен!"—деп зиндан көрсең егерде,
Үрейленбе,
көр ескиниң нусқасын.
Неше мәртлер сасып өлген бул жерде,
Тәгдирине түнек заман дусласып.
Қуўан достым, дөремей сол дәўирде,
Бул заманда еткениңе саяхат.
Ал тағы жатқанларды кәбирде,
Шылым шексең саханасын саялап.
Қане достым, батыл тасла қәдемди,
Өлген шаҳтың жоқ тириге азары.
Шайыр болсаң жон да ушын қәлемниң,
Шарықлап шық ески қала мазарын...

Қайда бағлар гөззал таўыс таранған,
Қайда калды көкти сүзген минарлар!
Қайда қала илим туңғыш нәр алған,
Авицена ат байлаған шынарлар?!
Мақтумқулы китапларын арқалап,
Ғаззел айтқан көк гүмбезлер, кайдасыз?!
Әзел салса, соңын етсе ал, қарап,
Қан менен тер кеткени ме пайдасыз?!
О бабалар, сиз өз-ара даўласып,
Арттырыпсыз тек дүньяда әўлийе!
Көтере алмай сол заманның ғаўғасын,
Гүмбезлер де тура алмапты-аў әўкийип.
Ески журтта ески халық атанбай,
Есимде жоқ—қашан ирге көтердик?!
Билерим сол—болып арғы атамдай,

Мен бузбадым, кайта дүздим бөтеннен.
Ески журттан кетпедим де жырақлап,
Заманасын қыйдым, өзин қыймадым.
Гөне тамын әдиўледим,
бирақта.
Тамын емес, тамған терди сыйладым.
Хабарым жоқ,—түп дәрегим қулмеди,
Я шаҳпеди Хорезмде гүрлеген?!
Тек ығбалым халық пенен гүлледи.
Сонлыктан да халық пенен биргемен
Сонлықтан да бил сен ески дәрўаза,
Дәўранына қул көзинен карайман,
Лийкин жаўдың жалғыз оғы қадалса,
Баяғы мың Искендерге жарайман.

## Шаҳ „дуўлығасы“

Кебирлик—ылақшының майданындай,
Ҳүрейдей ербеңлесер қарабарақ,
Арғымақ айға шапшып бир гез бунда,
Пил өлген, көп ысқырған бүкир садақ.
Ал ҳәзир семген қашшан жаңғыр-жуңғыр,
Бул кәра жым-жырт күтер атқан танды;
Жоғалтып тәрезисин мәнкир-мүңкир,
Кашшан-ақ таслап қашқан гөристанды!
Әгирап сүтке тойған тоқлы янлы,
Биймәлел уйқылар мүлгип сылт етпестен...
Көрсең тек төңкерилген „дуўлығаны“,
Дуўлыға кийген гелле түсер еске.
Турар ол кең далада гүмбезленип,

Гунасы
Сырла
Жығас
Апары
Өрмек
Дийда
Бул зә
Бул ем
Ел [illegible] шыға,
Бул с [illegible] лап тири гез
Ал ҳә[illegible]р тирилиўден қ[illegible],
Бул ҳәзир залым басқа қ[illegible]
Тасларға мәнги өмир тилер
—Шықпа!—деп—бас жалмаған
жалмаўы
„Жыртылса" дуўлығасын „тигер" едим!

## Жекке минәр

Әпсанаға исенсек егер,
Бурында бир өтипти зергер.
Әри шебер ҳәм әри зықна,
Пайдасына болыпты пухта.
Билмегенлер билгеннен сорап,
Ҳәр күн оның үйине қарап,
Қызлар тилеп әребек, сырға,
Қатнапты мәкидей зырлап.
„Ахун болсаң алтынлат тумар,
Бекзат болсаң тақ алтын камар"
У[illegible]ы болып барларға үрдис,